# ҚУРЫЛЫСЛАРДА ӨРТ ҚӘЎИПСИЗЛИГИ ҚАҒЫЙДАЛАРЫ!

**М.Маликов**

Кегейли районы Айрықша жағдайлар бөлими профилактик ҳәм қадағалаў бөлимшеси аға инспекторы Капитан.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.13856186***

***Анотация.*** *Бул мақалада қурылысларда өрт қәўипсизлиги қағыйдалары, өрт қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша «Әҳмийетли 30-күни» илажы ҳаққында сөз етилген.*

***Гилт сөзлер:*** *Қурылыс, өрт қәўипсизлиги шара-илажлар, қурылыс майданшалары.*

## RULES OF FIRE SAFETY IN BUILDINGS!

***Abstract.*** *In this article, the rules of fire safety in constructions, the possibility of "significant 30 days" to ensure fire safety are discussed.*

***Key words:*** *construction, fire safety, measures, construction sites.*

## ПРАВИЛА ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ В ЗДАНИЯХ!

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются правила пожарной безопасности в сооружениях, возможность «значительных 30 дней» для обеспечения пожарной безопасности.*

***Ключевые слова:*** *строительство, пожарная безопасность, мероприятия, строительные площадки.*



Ҳәзирги кунде районымыз аймағындағы “Жаңа Өзбекистан” массивинде жаңадан көп қабатлы турақ жайлар бой тиклемекте. Усы көп қабатлы турақ жайлар, әлбетте заманагой техника үскенелери менен тамийинлениўи, заман талабына жуўап беретуғын дәрежеде қурылыўы лазым.

Кегейли районы Айрықша жағдайлар бөлими хызметкерлери тәрепинен имәрат ҳәм бөлмелердиң өрт қәўипсизлигин тәмийинлеў жолында жаңа қурылыслардың бас жобасын дүзиў ҳәм курып питкенге дейин қурылыс норма талабларына ҳәм қала сазлық қағыйдаларына (ПУЭ, КМК, ШНК) лары тийкарында өртке қарсы шара-илажлардың орынланыўы үстинен қадағалаў орнатып келмекте.

Мәселен:

-Қурылыстың жәрдемши объектлери (жатакхана, устаханасы, склад, хызмет хана ҳәм басқалар) жайласыўы өрт қәўипсизлиги талаплары бойынша ислеп шығылған тастыйықланған бас жобасына жуўап бериўи шәрт. Ўазыйпасының кандай болыўына қарамастан барлық қурылып атырған имәрат, бөлмелер арасындағы өртке қарсы үзилислер «Ислеп шығарыў кәрханалари бас жобалары» қағыйда талапларына тийкарланып белгиленеди;

-Өртке қарсы үзилислерде жаныўшы буйымларды тақлап қуйыў қадаған етиледи;

-Жер майданы 2-гектар ҳәм оннан артық болған қурылыс майданшаларында қарама-қарсы тәрептен жайласқан кеминде еки тәреплеме кириў жолы болыўы зәрүр;

-Қурылыс майданшалардағы оллардың кеңлиги 6-метрден кем болмаўы, қатламасы қаты болыўы шәрт. Кириў дәрўазаларының кеңлиги 4-метрден кем болмаўы керек.

Жоллардың басы жабық бөлегинде өрт өшириў автомобиллериниң бурылыўы ушын айланба жол яки 12x12 метрден кемболмаған майданшалар болыўы зарүр;

-Қурылысқа кириўде қурылып атырған имәрат ҳәм кириў жоллары, суў тәмийнаты, өт өшириў ҳәм байланыс қуралларының жайласыўы көрсетилген сызылмасын илип қойыў керек;

-Қурылып атырған ҳәм ўақтынша ханалар (склад, устахана, хызмет ханалар ҳәм басқалар) ға ашық өтиў жоллары тәмийинлениўи лазым.Үлкен жол, өтиў жоллары ўақтынша бекилетуғын болса, усы ҳаққында дәрҳал районлық Айрықша жағдайлар бөлими хызметине хабар бериўи шәрт;

-Қурылыс майданшаларының аймағы 2-метрден төмен болмаған дийўал менен оралған болыўы, жақтыланыўы ҳәм қорғалыўы керек.

-Жаныўшы курылыс материалларын қурылыс майданшаларында 3-күннен артық болмаған мүддет ишинде, қурылып атырған ҳәм ўақтынша имаратлардан кеминде 30 метр узақлықта сақлаў мүмкин;

Өрт тилсиз жаў деп айтылыўы. Соның ушында биз өрттиң алдын алыў ушын ҳәр күни өрт қәўипсизлиги қағыйдаларына әмел қылыўымыз тийис. Ҳүрметли пуқаралар!

Усы өткерилип атырган өрт қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша «Әҳмийетли 30-күни» илажында ҳәммени белсене қатнасыўға шақырып қаламыз.

**REFERENCES**

1. Рахмонов И., Вазобов У.В., Ёкубов Х, - Фавкулодда холатларда шикастланганларга биринчи тиббий ёрдам курсатиш. - Т.: «Фан», 2005. - 62 б.
2. Nigmatov I., Tojiyev M.X. Favqulodda vaziyatlar va fuqoro muhofazasi. Darslik. Toshkent, 2011. - 260 b.
3. Азимов Х.А. Бино ва иншоотларда ёнгин хавфсизлиги. Укув кулланма. - Т.: 2005. - 97 б
4. Узбекистон Республикаси 1^онуни: «Адоли ва худудларни табиий ва техноген хусусиятли фавкулодда вазиятлардан мухофаза килиш тугрисида». 20.08.1999 й.